

Non Òganizasyon Founisè Health Home

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen deklare mwen pa vle patisipe nan _____ Pwogram Health Home.
Non Health Home

Paske mwen p ap patisipe ankò nan pwogram Health Home sa a, lè mwen siyen fòm sa a, mwen retire tou pèmision mwen te bay pou Health Home divilge enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen ba pwofesyonèl swen sante yo ak ba lòt moun nan pwogram Health Home, gen ladan yo Òganizasyon Rejyonal Enfòmasyon Sante a (RHIO) ak/oswa sistèm enfòmasyon PSYCKES Biwo Sante Mantal (OMH) ak/oswa sistèm enfòmasyon TABS/CHOICES Biwo pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman. Si mwen te siyen yon fòm konsantman apa avèk RHIO ak/oswa PSYCKES ak/oswa TABS/CHOICES, pèmision mwen pou divilge enfòmasyon pèsònèl sou sante mwen bay pwofesyonèl swen sante yo ak bay lòt moun avèk RHIO ak/oswa PSYCKES ak/oswa TABS/CHOICES, ap kontinye. Mwen rekonèt pwofesyonèl swen sante ki deja gen enfòmasyon sou sante mwen an, yo pa gen pou yo remèt mwen yo oswa retire yo nan dosye yo. Men, pwofesyonèl swen sante Health Home yo pa gen dwa ankò pou yo jwenn, wè, li, kopye ak divilge enfòmasyon sou sante mwen an apre dat mwen siyen fòm sa a. Mwen rekonèt "enfòmasyon sou sante pèsònèl" ka gen ladan enfòmasyon sou sante, enfòmasyon sou sante, sante mantal, reta nan devlopman, trètman pou abi alkòl oswa dwòg, ak/oswa VIH/SIDA.

Mwen rekonèt enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen pral kontinye rete pwoteje dapre lwa ak règleman Eta New York ak peyi Etazini. Patnè Health Home ki gen enfòmasyon sou sante mwen nan moman an, yo dwe respekte tout lwa sa a yo.

Mwen konsyan tou ke lefèt mwen mete fen nan patisipasyon mwen nan pwogram Health Home lan, sa pa pral anpeche m jwenn swen sante oswa lòt sèvis jesyon swen dirèk.

Nenpòt Fòm Konsantman Health Home mwen te siyen anvan sa, dokiman sa a anile yo.

Ekri Non Pasyan an avèk Lèt Detache

Dat Pasyan Fèt

Siyati Pasyan an oswa Reprizantan legal Pasyan an

Dat

Non Reprizantan Legal la an lèt detache (si genyen)

Relasyon Reprizantan Legal la avèk Pasyan an (si sa aplikab)

Detay konsènan enfòmasyon pasyan an ak pwosesis Anilasyon Konsantman an

1. Kijan patnè yo pral sèvi avèk enfòmasyon mwen an pidevan?

Patnè yo pa ka sèvi ak enfòmasyon sante w la ankò.

2. Kisa ki pral rive enfòmasyon sou sante mwen an?

Pwofesyonèl swen sante ki deja gen enfòmasyon ou pral konsève enfòmasyon sou sante ou, men yo dwe kontinye pwoteje enfòmasyon yo pandan y ap swiv tout lwa ak règleman Eta New York ak peyi Etazini.

3. Ki lwa ak règ ki konsène fason yo kapab divilge enfòmasyon sou sante mwen?

Lwa ak règleman sa a yo se Lwa Edikasyon New York Atik 6530(23), Lwa sou Sante Mantal Atik 33.13, Lwa sou Sante Piblik New York Atik 27-F, Lwa federal Pòtabilite ak Redisyon Kont Asirans Sante (HIPAA) 1996 la, 45 CFR Pati 160 ak 164 ak règleman federal konfidansyalite yo nan 42 CFR Pati 2.

4. Kimoun ki kapab jwenn epi wè enfòmasyon mwen yo apre mwen anile konsantman mwen?

Okenn moun pa kapab jwenn nenpòt nouvo enfòmasyon sou sante ou, men ou pa kapab reprim enfòmasyon yo divilge deja yo. Moun ki kapab wè enfòmasyon sou sante ou ki te deja devwale, se: moun ki te fè pati Health Home anvan ou te anile konsantman an, tankou doktè ak lòt moun ki travay pou yon patnè Health Home epi ki te angaje nan ba ou swen sante, pwofesyonèl swen sante k ap travay pou yon patnè Health Home ki te ba w swen, ak moun k ap travay pou yon patnè Health Home ki te ba w swen pou ede yo verifye asirans sante ou oswa etidye ak fè swen sante a pi bon pou tout pasyan yo. Epitou, lè w jwenn swen nan men yon moun ki pa t doktè oswa pwofesyonèl swen sante ou abitye wè, tankou yon nouvo famasi, nouvo lopital, oswa lòt pwofesyonèl swen sante, kèk enfòmasyon tankou pou ki bagay plan sante w la peye oswa yo te kapab ba yo oswa yo te wè non pwofesyonèl Health Home ou.

5. Kisa pou mwen fè si yon moun itilize enfòmasyon mwen yo epi mwen pa t dakò pou kite moun nan itilize yo?

Si sa rive, ou ka:

- Rele nan Liy Èd Medicaid nan 1-800-541-2831, oswa
- Kontakte Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, Biwo pou Dwa Sivil nan 1-800-368-1019, oswa voye yon plent alekri nan: <https://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html>

Ou kapab tou:

- Rele youn nan patnè ou te di ki kapab wè dosye ou yo,
- Rele jesyonè swen sante w la oswa health home ou a: _____ nan _____, oswa
- Rele Plan Swen Sante Kontwole w la ou si ou fè pati yon Plan Swen Sante Kontwole.

6. Konbyen tan anilasyon konsantman mwen ap dire?

Anilasyon konsantman ou ap kontinye ekziste jouk lè ou siyen yon nouvo konsantman pou yon Health Home.

7. Kisa k ap pase si m chanje lide pita epi mwen vle patisipe nan yon Health Home epi pou yo divulge enfòmasyon sou sante mwen?

Si w chanje lide, tanpri fè plan sante ou oswa ansyen Health Home ou konnen ou enterese pou vin manm yon Health Home ankò.

8. Kijan mwen kapab jwenn yon kopi fòm sa a?

Apre ou siye Fòm Anilasyon Konsantman sa a, mande yon kopi epi y ap ba ou youn.